84(5Ўз)
A-89

SHIYRİN ATAMURATOVA

# PISHIG'IM



UDK: 821.512.133-1

BBK: Kap 5 Shiyrin Atamuratova.«Pıshıg'ım». Qosıqlar.
A-89 No'kis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2011-jıl, 24 bet.

*Sh.Atamuratovanın' bul kitabı balalarg'a arnalıp, ha'r qıylı temalardı o'z ishine aladı. Qosıqlar balalar tili menen jazılıp, kishkenelerdin' an'sat oqıp, tez tu'sinip alıwına qolaylı, ko'rkem til menen berilgen, sonday-aq ta'rbiyalıq xarakterge de iye.*

**Pikir bildiriwshiler:**

**A.Abdiev** — *Jazıwshı, filologiya ilimlerinin' kandidatı.*

**A.Aqnazarov** — *Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamının' ag'zası.*

238938

MA'LIM...
RESURS
ORAYI

80175

ISBN 978-9943-346-63-5

© «Qaraqalpaqstan» baspası—2011

T 19

## TINISHLIQ HA'M TATIWLIQ

Ma'n'gi jasa tınıshlıq,
G'a'rezsiz bul elimde,
Ma'n'gi jasa tatıwlıq,
Tuwg'an ana jerimde.

Tınıshlıq ha'm tatıwlıq,
Qa'dirin'e jetemiz,
Qorg'aw ushın ba'rimiz,
Jandı pida' etemiz.

## WATAN

Ig'balımız ku'ndey jarqırar,
Ju'zlerimiz ayday jadırar,
Erkin abat, azat da'wranım,
Umtılamız, a'wmet bizge yar.
Qushag'ın'da g'a'rezsiz Watan.

A'dalatlı tiklep saltanat,
Bag' do'retip,qurg'an imarat,
İymannan dep Watandı su'yiw
Temur babam aytqan na'siyat,
Muqa'ddessen', g'a'rezsiz Watan.

Babam ruwxı qollag'an elim,
A'wladların sıylag'an elim,
A'yyemgisen', jassan' nawqıran,
Saqawatlı tuwılg'an jerim,
Muqaddessen', g'a'rezsiz Watan.

## TİLEK

Sa'lemlesip,
Alısıp qol,
U'lkenlerge,
Beremen jol.

Jaqsı niyet,
Tilegimde,
Miyrim yoshar,
Ju'regimde.

## KO'TEREDİ KEWLİMDI

Da'n beremen quslarg'a,
Suw beremen quslarg'a.
Deymen ketip qalmasın,
Ushıp-qonıp sayrasın.

Jıg'ılıp ketse u'kem,
Turg'ızaman, su'yeymen.
Deymen tezirek u'lkeysin,
Ju'rip izime ersin.

İs buyırsa a'japam,
Orınlawg'a tayarman.
Deymen ol da dem alsın,
İnim bar dep quwansın.

Hu'rmet-izzet, haq niyet,
Ken'eytedi peylimdi,
İnsanıylıq pazıylet,
Ko'teredi kewlimdi.

## QUWANDIM

Awırıp qalg'an apamnın',
Turg'anına quwandım.
Hasasına su'yenip,
Ju'rgenine quwandım.

Ol ag'amnın' sheshesi,
Ol anamnın' enesi,
Ha'mmemizge tilekles,
U'ydin' ol perishtesi.

## SIYQIRSHI BOLIP QALSAM

Sıyqırshı bolıp qalsam,
En' birinshi, en' aldın,
A'miw bolıp, Sır bolıp,
Toltıraman Araldı.

Sıyqırshı bolıp qalsam,
Baxıt beremen ha'mmege,
Balaların du'nyanın',
Toydıraman miywege.

Sıyqırshı bolıp qalsam,
Bag' qılaman jerimdi,
İlim,pa'ndi u'yrenip,
Bay qılaman elimdi.

## BALALARI DU'NYANIN'

Qanday jaqsı tınıshlıq,
Qa'dirleyik doslarım,
Tınıshlıqtı qorg'ayıq,
Balaları du'n'yanın'.

Muqa'ddessen' ana jer,
Qa'dirleyik doslarım,
Ana jerdi qorg'ayıq,
Balaları du'nyanın'.

Qanday go'zzal ta'biyat,
Qushaq ashar jadırap,
Ta'biyattı qorg'ayıq,
Balaları du'nyanın'.

## HA'YYİW

Ha'yyiw, ha'yyiw, ay balam,
Danalıqqa bay balam,
Azat, abat elimde,
To'rt tu'ligi say balam.

Ha'yyiw, ha'yyiw, ay balam,
Shiyrin-sheker pal balam,
Jaqsı uyqılap, jaqsı tur,
Ha'yyiw tın'lap jan balam.

O'sip ulg'ay ku'n sayın,
El isine bol tayın,
Ko'zden, tilden aman bol,
Ko'z monshaqlar tag'ayın.

## SPORT

Sen bar jerde sawlıq bar,
Den sawlıqta shadlıq bar,
Balalıqtan baslanar,
Sport, sport, sport.

Sen bar jerde doslıq bar,
Ku'shke tolg'an jaslıq bar,
Umtılg'ang'a a'wmet yar,
Sport, sport, sport.

U'lken-kishi, g'arrı-jas,
Ha'mme sag'an talpınar,
O'mir o'zin'dey go'zzal,
Sport, sport, sport.

## BİRİNSHİ QON'IRAW

Mektebim, ana Watan,
Bilim al dep kitaptan,
U'yren dep a'dep-ikram,
Jan'la -jan'la qattılaw
Hey, birinshi qon'ıraw.

Doslarımdı ja'mlegen,
Ju'regime yosh bergen,
Tilegime jetkergen,
Jan'la- jan'la qattılaw,
Hey, birinshi qon'ıraw.

İlim u'yrengen adam,
Elde qa'dirli mudam,
Ustazım sag'ındırg'an,
Jan'la -jan'la qattılaw,
Hey, birinshi qon'ıraw.

## O'ZBEKSTAN

Tawlarıın' bar, altıng'a ka'n,
Awıl-qalan' gu'l jaynag'an,
Shıg'ıstag'ı ja'nnet ma'kan,
O'zbekstan, O'zbekstan.

Keleshegi ullı elim,
Ko'zge su'rme tuwg'an jerim,
Doslarıın' ko'p peyilin' ken',
O'zbekstan, O'zbekstan.

## O'ZBEKSTANIM MENİN'

Alpamıslar Watanı,
Beruniyler elatı,
Tariyxı da'stan elim,
O'zbekstanım menin'.

Ten'ler menen ten' diyar,
Shad kewilli baxtiyar,
Abat ha'm azat elim,
O'zbekstanım menin'.

Topırag'ın' totiya,
Senin' menen go'zzal du'nya,
Jaynag'an bostan elim,
O'zbekstanım menin'.

## TAMSHI TAMAR

Suwıq barar ha'lsirep,
Ku'nnen-ku'nge juwasıp,
Tamshı tamar tırs-tırs-tırs,
Ton'lar keter suwlasıp.

Tamshılardı simirip,
Jerdin' miyri qanadı.
Tamg'an tamshı, tırs-tırs-tırs
Topıraqqa jag'adı.

## BA'HA'R KELSE, NA'WBA'HA'R

Ba'ha'r kelse, na'wba'ha'r
Jasaradı bul o'mir,
Ba'ha'r kelse, na'wba'ha'r,
Tolıp tasadı kewil.

Ba'ha'r kelse, na'wba'ha'r,
Quslar ushıp keledi.
Shashıw shashıp a'lemge,
Su'yinshiler beredi.

Ba'ha'r kelse, na'wba'ha'r,
Jasıl gilem to'seydi.
Ana jerdi a'lpeshlep,
Gu'ller menen bezeydi.

## ERTE BA'HA'R

Erte ba'ha'r qumlıqlarda,
Juwa juwsan ko'geredi.
O'nip shıqqan ko'k maysalar,
Samal menen terbeledi.

En' birinshi tawlar, taslar,
Na'wba'ha'rdi sezinedi.
Ushıp kelgen qarlıg'ashlar,
Sımg'a qatar diziledi.

## BA'HA'R MENEN TIRNALAR

Qushaq ashıp quwanıp,
Qarsı alaman ba'ha'rdi.
Sa'lemlesip su'ysinip,
Alg'ıslayman sa'ha'rdi.

Ba'ha'r, ba'ha'r, ba'ha'rjan,
Elimizge xosh keldin'.
Ba'ha'r, ba'ha'r, ba'ha'rjan,
Kewlimizge yosh berdin'.

Qatar, qatar tırnalar,
Ushıp keldi alıstan,
Ba'ha'r menen tırnalar,
Bizin' elde tabısqan.

## SHO'PLİKLER

Ko'kte quyash jarqırap,
Jerdin' betin qızdırdı.
Bizler sonda shapqılap,
Jalan' ayaq juwırdıq.
Ayag'ımdı qıtıqlap,
Tu'rtkileydi sho'plikler,
Sho'pten, sho'pke qonaqlap,
Sekiredi shekshekler.

## NAWRIZIN'IZ MU'BA'REK

Nawrızdın' bas tag'amı,
Su'melekjan, su'melek,
Paldan tatlı mazalı,
Biyday og'an tu'p da'rek.

Analar tilek tilep,
Qazan-qazan pisirer,
Bılg'ap gezekpe-gezek,
Oshaqlardan tu'sirer.

Awıl-aymaq, ko'shege,
Tartıladı su'melek,
Qutlıqlaymız, ba'rshege
Nawrızın'ız mu'ba'rek!

## KİRPİTİKEN

Kirpitiken
Kirpitiken,
İynelerin'
Ko'p ne degen,

Apam ko'rpe
Tikkeninde,
Sorap tursam,
Beresen'be?

Berdi kirpi,
İynesinen,
Qaytıp beriw
Sha'rti menen.

## QOSIQ AYTAR KİSHKENELER

Appaq qarlar erip pitken,
Qarlıg'ashlar kelip jetken,
Bul qay ma'ha'l, qaysı pasıl?
Qır do'gerek kiygen jasıl.

Suwg'a tolg'an salma-japlar,
Marjan taqqan qaratallar,
Bul qay ma'ha'l, qaysı pasıl?
Pal ha'rreler jıyg'an hasıl.

Nawrız, Nawrız, Nawrız desip,
Quslar sayrar gu'l ashılar,
Nawrız, Nawrız, Nawrız desip,
Qosıq aytar kishkentaylar.

## TA'RBİYASHI APAMA

So'ylegenin'di
Anama qusap,
U'yretkenin'di,
Yadımda saqlap.

Kishkentaylarg'a,
O'rnek bolaman,
Jaqın arada,
Beske tolaman.

Adamdı ko'rsem,
O'zimnen u'lken,
Birinshi bolıp,
Beremen sa'lem.

## GU'LME, GU'BELEK
(jan'ıltpash)

Jap- jasıl do'nip turar,
U'yimiz do'geregi.
Jupar iyisin an'qıtıp,
Tu'rli gu'l ko'geredi.

Gu'llerden gu'lge qonıp,
Turg'anda gu'belekler,
U'kemler oylap qalar,
Gu'llerdi gu'belek dep.

## USHIWSHI BOLAMAN

Tu'rli-tu'rli shırayli,
Pa'tpelekler jasadım.
Aspan, a'lem sırların,
U'yreniwdi an'sadım.

U'lkeygende a'lbette,
Ayg'a ushıp baraman.
Bayraqların elimnin',
Ayg'a qadap qoyaman.

## TA'Y-TA'Y BALA, TA'Y BALA

Su'yip,su'yip anası,
Kiyindirdi balasın,
Shadlıg'ının' shegi joq,
Quwanıshtan kewli toq.

Ku'lip turar balası,
Su'ysinedi anası,
Tusaw kesiw boladı,
Ha'mme kelip qarasın.

Kesilgen son' tusawı,
Ju'rip ketti balası,
Ketti toyg'a ulasıp,
Son' awıldın' arası.

## QUWIRSHAG'IM

O'zimnin' juldızım,
Sulıw qundızım,
Tu'n uzaq, uyqılap qal,
Ko'zlerin'di jum.

Terezeden a'ne,
Sıg'alaydı ay,
Juldızlar jarqırap,
Ashadı shıray.

Anamday jaqsılap,
Ha'yyiw aytayın.
Azanda aymalap,
Son' oyatayın.

## ANAJANIM, AG'AJANIM

Ju'zin'izden nur jawar,
Ko'zin'izde mehir bar,
So'zin'izden pal tamar,
Anajanım, anajan.

Arqa su'yer tawımsız,
Miywesi mol bag'ımsız,
Basımdag'ı tajımsız,
Ag'ajanım, ag'ajan.

Qol-qanat atag'a,
Qol-qanat anag'a,
U'kesin oynatar,
Jılasa jubatar,
Jaqsı bala, jaqsı bala.

U'sti - bası taza,
Kiyiner azada,
A'lpayım, jaydarı,
Ha'mmege unaydı,
Jaqsı bala, jaqsı bala.

Kereksiz payıtta,
So'ylemeydi hasla,
Sorag'an waqıtta,
Juwap berer qısqa,
Jaqsı bala, jaqsı bala.

## İYNELİK

İynelik, ha'iynelik,
Sag'an zıyan bermedik,
Vertolyotqa qusatıp,
O'zin'nen ko'z u'zbedik.

İynelik, ha' iynelik,
Qanatın'a tiymedik.
Zıyankesten basqag'a,
Sira' hazar bermedik.

## JAZA

Qıtırlatıp muz jedim,
Qısım, qısım qar jedim.
O'zi sonday mazalı,
Qanday jaqsı ha'z, dedim.

Keshke qaray awırdım,
İsip ketti tamag'ım,
Qar ha'm muzdın' mazasın,
So'ytip tarttım jazasın.

## BİRINSHİ MUG'ALLİMİM

Quyashımsız jaynag'an,
Ayımsız jarqırag'an,
Saw bolın' ha'm ko'p jasan',
Birinshi mug'allimim.

Sabaqtan kesh qalmaymız,
To'men baha almaymız,
Mudam sizdi tın'laymız,
Birinshi mug'allimim.

A'lpayımsız, danasız,
Anamızday anasız,
Ha'mmeden de ag'lasız,
Birinshi mug'allimim.

İygilikli isin'iz,
Jalıqpaysız o'zin'iz,
Perzentim dep su'yesiz,
Birinshi mug'allimim.

## ANA TİLİM

Neshshe a'sirlerge sırlas,
Babalardan qalg'an miyras,
Sen arqalı ana tilim,
Barıs-kelis qatnasıg'ım.

Sen arqalı ana tilim,
Shadlıg'ımdı ta'riypledim.
Sen arqalı ana tilim,
Nur shashadı keleshegim.

## JAMG'IR JAWIP TURG'ANDA

Jamg'ır jawıp turg'anda,
Dedi u'kem:— a'japa,
Aspan nege jılaydı?
Jamg'ır nege tınbaydı?

Juwap beralmay tayın,
O'zim qattı uyaldım.
Oqıp aytıp beriwge,
Kitaptı tez qolg'a aldım.

## TA'BİYATTI QORG'AYMIZ

Palapang'a tiymeymiz,
Qusqa zıyan bermeymiz,
Gu'l jaynatıp a'tiraptı,
Ta'biyattı qorg'aymız.

Shaqalardı julmaymız,
Gu'belekti quwmaymız,
Terek egip, tal egip,
Ta'biyattı qorg'aymız.

## JİYDE MENEN JİGİLDİK

Jiyde menen jigildik,
Jer tan'lamay o'sedi,
Miywelerden keshigip,
Altın gu'zde pisedi.

Qıraw tu'sse tag'ı da,
Og'an maza enedi.
Kempir apam bizlerge,
İyjan tu'yip beredi.

U'yiredi tilin'di,
Palday tatlı jegende,
Jiyde menen jigildik,
Paydası ko'p bilgenge.

## QABAQLAR

Qabaqlardın' tu'ri ko'p,
Palawqabaq, asqabaq,
Almaqabaq, nasqabaq,
Da'smal qabaq, suw qabaq.

«Salle», «qara» asqabaq,
Palawqabaq, em qabaq,
Biri-birinen jaqsı,
Barlıg'ı da pal qabaq.

İsker qabaq, suwqabaq,
Suw quyılıp tasılg'an,
Saqlawg'a da boladı,
Ag'arg'an ha'm ashıg'an.

## BAG'IMIZG'A KELİN'LER

Bag'ımızg'a kelip ketin',
Miywemizden jep ketin',
Almurt, shiye, qa'reli,
Eriklerdin' ko'p tu'ri.

Alma, ju'zim, shabdalı,
Bir-birinen mazalı,
Aldın'ızg'a qoyaman,
Kelin', ku'tip alaman.

## ANA MEHRİ

Ana mehri ha'mme jerde,
Pa'yik bolıp ju'rer birge,
Qayda tursam, qayda bolsam,
Menin' menen birge mudam.

Ana mehri mu'riwbetli,
Su'ykimli ha'm qu'diretli,
Ha'yyiw aytıp du'nyanı ol,
Besigimdey terbetti.

## «SAW DENEDE — SAP AQIL»

«Saw denede- sap aqıl»
Deydi dana xalqımız,
Salamatlıq — sawlıqta,
Keleshek ha'm baxtımız.

Biyg'a'rez bul elimde,
Ko'p jobalar du'zilgen.

Shınıqtırıp denemdi,
Juwıraman, ju'zemen.

Jarıslarda erisken,
Tabıslarım shadlıg'ım,
Taratamn ja'ha'nge,
Tuwılg'an jer dawrıg'ın.

## KİMGE QIYIN, KİMGE AN'SAT
(A. Bartodan)

Ku'nshuwaqta so'ylesip,
O'tken ketkennen,
Otıradı kempirler,
Ko'p waqıtqa shekem.

Tınım bilmey bul waqıtta,
Kishkene qızlar,
Arman-berman juwırıp,
Su'wretler sızar.

Bug'an hayran kempirler,
Oylaydı, bılay:
Sharshamayma bul qızlar,
Sira' yapırmay.

Bul qızlar da tan'lanar,
Olarg'a a'bden.
Otırıw bir orında,
Qıyın ne degen.

## TAWIP ALDIM PISHIQTI

Tawıp aldım pıshıqtı,
U'yimizdin' aldınan,
Kip-kishkentay dım jaqsı,
Tu'sirmeymen qolımnan.

Apam kelip jumıstan,
Qaydan aldın',—dedi ol,
Alg'an bolsan' qaymannan,
Aparıp qoy, tezden bol.

Baqırsa da ol mag'an,
Pıshıg'ımdı ayadı.
Su'tti quyıp qırmag'a,
İshkiz dedi, quwmadı.

U'y ishinin' barlıg'ı,
Onı jaqsı ko'redi,
Ko'rinbese pıshıg'ım,
Apam izlep ju'redi.

## SU'YEMEN O'Z TİLİMDİ

Hu'rmetleymen ag'amdı,
Hu'rmetleymen anamdı,
Ha'mmemizge muqa'ddes
Su'yemen men Watandı.

Su'yemen men elimdi,
Tuwılıp o'sken jerimdi,
Tu'sinikli ba'rinen,
Su'yemen o'z tilimdi.

## ALA HA'KKE
(jan'ıltpash)

Ala ha'kke, ba'le ha'kke,
Toparı joq, ju'rer jekke,
Bag' ishinde ju'rgeninde,
Erik ag'ash tu'plerinde.

Tintip-tintip topıraqtı,
İzlep taptı shan'g'alaqtı,
Toq, toq, toq, toq, shoqıdı ko'p,
Shan'g'alaqtı shag'alg'an joq.

Aqırında shan'g'alaqtı,
Ayag'ına urıp shaqtı.
Ala ha'kke, jolın taptı,
So'ytip shaqtı shan'g'alaqtı.

Shan'g'alaqtı shag'ıp jegen,
Ala ha'kke ba'le eken.
Mo'jeneni tawıp jegen,
Ha'kke ele bag'da eken.

## PISHIQ PENEN KU'SHİK

Pıshıq ko'rip ku'shikti,
Tula boyı tu'rshikti.
Pıshıq joldan qash dedi,
Ku'shik joldı ash dedi.

On'ıspadı ekewi,
Sıyıspadı ekewi,
Jasasa da bir u'yde,
Kelmedi hesh ma'milege.

Sonlıqtan da ku'shigim,
Sırtta an'lıp turıptı.
U'yde jasap pıshıg'ım,
Tıshqan izlep ju'ripti.

## PAL HA'RRE HA'M GU'BELEK

(tımsal)

Pal ha'rresi g'uwg'uwlap,
Gu'llerden pal teredi.
Gu'belekler gu'lzarda,
Tek masayrap ju'redi.

Ayag'an tu'r, pishinde,
Gu'belek der ha'rrege:
«Sharshadın` ba, ha`rrejan,
Jalıqpaysan sen nege?!!»

«Jaz boyına udayı,
Miynet etip tınbayman,
Jalıg'ıwg'a waqıt joq,
Qısqa azıq jıynayman».

Hadal miynet islesen',
Bo'lenesen' hu'rmetke,
Erinsheklik, jalqawlıq,
Pa'nt beredi a'lbette.

## TA'RBİYASHI BOLAMAN

Menin' tuwılg'an ku'nime,
A'keldi ko'p oyınshıq,
Mag'an olar ishinde,
Unap qaldı quwırshaq.

Quwırshaqtın' azanda,
Beti-qolın juwaman.
Sıypap tarap, shashına,
Bantik tag'ıp qoyaman.

Quwırshag'ım—appag'ım,
Onı jaqsı ko'remen.
Erteklerin apamnın',
Og'an aytıp beremen.

U'lkeygende apamday,
Ta'rbiyashı bolaman.
İslep bala baqshada,
Balalardı bag'aman.

## MENİN' KONSTİTUTSİYAM

Menin' Konstitutsiyam,
G'a'rezsizlik jemisi,
Quyashlı bul u'lkemde,
Baxıtlı jasar ha'r kisi.

Menin' Konstitutsiyam,
Huqıqımdı qorg'aydı.
A'dillikti ornatıp,
Keleshekti oylaydı.

Dalada qıs, appaq qar,
Samal eser ızg'ırıp,
U'yimde gu'l ashılar,
Turg'andayman tu's ko'rip.

Shaqa alıp ıdısqa,
Otırg'ızdım ko'p burın,
Sonsha waqtan berli men,
Ta'rbiyalap o'sirdim.

Quwanaman ko'rgende,
Sonlıqtan da gu'limdi,
O'zim su'ygen ertektey,
Gu'lim sulıw, su'ykimli.

## ERİP KETTİ APPAQ QAR

Erip ketti appaq qar,
Erip pitti appaq qar,
Dalalarda qızar is,
Seziledi o'zgeris.

Na'wba'ha'rdin' elshisi,
Qarlıg'ashlar kelipti.
Jasıl gilem to'selip,
Ko'k maysalar o'nipti.

Salma japlar boyında,
Qaratallar bo'rtipti.
Su'yinshilep samallar,
A'ynekierdi shertipti.

## SAG'AN UQSAG'IM KELER

Suw boyında tallarg'a,
Jasıl marjan tag'asan'.
Salmalardan sarqırap,
Atızlarg'a ag'asan'.
Menin' su'ygen ba'ha'rim,
Keler sag'an uqsag'ım.

Erikler de erteden,
Appaq bolıp gu'lleysen',
Shabdalzardı aralap,
Qızg'ısh tartıp do'nesen'.
Menin' su'ygen ba'ha'rim,
Keler sag'an uqsag'ım.

Sayratasan quslardı,
G'umshadan gu'l ashasan',
G'ayrı nag'ısh do'ndirip,
A'tir iyisin shashasan'.
Menin' su'ygen ba'ha'rim,
Keler sag'an uqsag'ım.

## PISHIG'IM

Uslap aldın' tıshqandı,
Jelkesinen qapsırıp,
Quwalasıp ju'rgende,
Joytıp aldın' qashırıp.

Miyaw-miyaw pıshıg'ım,
Saqalın' joq, murtın' bar,
İzle-izle pıshıg'ım,
Tıshqandı tez tutıp al.

## SAMAL

Jatırsam da ornımda,
Tınım bermes o'zime,
Oransam da ko'rpeme,
Uyqı kelmes ko'zime.

Ga' qasqırday ulıydı,
Ga' iyt bolıp u'redi,
Qorazdı ko'rgen tu'lkidey,
Ga' shaqaqlap ku'ledi.

Samal qaydan keledi,
Tu'slikten be, batıstan,
Bilip alg'ım keledi,
Oylap uyqılap qalıppan.

Tan' atıwdan oyanıp,
Sırtqa shıg'ıp qarayman,
Samal uyqılap qalıppa,
Ko'rinbedi ol mag'an.

## PAL HA'RRE

Pal ha'rrejan, pal ha'rre,
Shıng'obızı bar ha'rre,
Bag'lar gu'lge kirgende,
Tere ber pal sha'mende.

Da'rtke dawa palın' bar,
O'ner ka'sip ka'rin' bar.

Shıpakersen' jan ku'yer,
Gu'llerden pal tere ber.

Pal ha'rrejan, pal ha'rre,
Shıpaker ha'm sazende,
Miynet etip to'gip ter,
Qobızın'dı sherte ber.

## BALALIQ MEHRİM

Men seni su'yemen,
Tuwılg'an elim,
O'zin'e arnalg'an,
Balalıq mehrim.

A'lpeshlep a'diwlep,
O'sirgen jerim,
Sulıwsan', go'zzalsan',
Ko'zime menin'.

Qızdırsa da jazın',
O'rtep saratan,
Ton'dırsa da qısın',
Suwıq qaqaman.

Ketalmayman uzaq,
Sennen alıslap,
Perzentin'men Watan,
Ga'pim, qalıs ga'p.

## ARAL
(ertek boyınsha)

Bar eken de joq eken,
Ash eken de, toq eken,
Qaladan sa'l alısta,
Jaqın arqa - batısta,
Tolqınlasıp shalqıg'an,
Baqanshaqlar balqıg'an,
Aral ten'iz bar eken,
Ten'iz saqıy bay eken,
Suwlarda ju'zer eken,
Kemeler u'lken-u'lken,
A'tirapında jasag'an,
Qulan, kiyik, arıslan,
U'yrek, g'az ha'm shag'ala,
Quslar tolg'an jag'ag'a,
Su'wen, sazan, marqası,
Bekire, shabaq, baqası,
Ondatra, qundızları,—
Ten'izdın' juldızları,
Jıllar o'tip aradan,
Ten'izde suw tartılg'an,
Qurg'aqshılıq bolıptı,
Qıyınshılıq tuwıptı,
Bunı ko'rip arıslan,
Depti: — Ha'mme tın'lasın,
—Ten'iz a'bden qurısa,
Samal qumdı suwırsa,
Qalay bolar ku'n ko'ris,
Ten'iz birew, biz ko'pbiz,
Bunın' aldın alayıq,
Ja'n-jaqtan ku'sh salayıq,
Maqul tu'sti ba'rine,
Bul oylasıq a'n'gime,
Birewi suw a'kelse,
Tasıp A'miwda'ryadan,



238938
MA'LIMLEME RESURS ORAYI
80175

Ekinshisi gezekke,
Tasıdı Sırda'ryadan,
Kirpitiken, go'rıshqan,
Qudıq qazdı tınbastan,
Jolın ten'izge burdı,
İzinen suw juwırdı,
İynelik ha'm gu'belek,
Ayanbay berdi ko'mek.
Ten'izge suw quyıldı,
Ten'izge suw jıyıldı,
Aral toldı, suw keldi,
Tilge kirdi, jan endi:
— Raxmet, dedi, doslarım,
Janıma, jan qosqanım.
Baxıt sizge yar bolsın,
Doslıq ma'n'gi bar bolsın!

## KIM U'LKEN, KİM KİSHİ

Kim u'lken, kim kishi,
Da'lillep berin'shi,
A'japam, a'jag'am
Mektepte oqıwshı.

Men bolsam baqshag'a,
Baraman shadlana.
Sonda da u'kemler,
Der mag'an a'jag'a.

Men qanday balaman,
Oylanıp qalaman,
Kim u'lken, kim kishi,
Da'lillep berin'shi!

## BİLMESTEN JEP QOYAMAN

Alıp keldi anası,
U'ygc shokolad.
Amang'a da birazın,
Berdi sol zamat.

Biraq tag'ı soradı,
Toysa da Aman.
Anası der, Amang'a
Tisin'e jaman.

—Onda shokoladlardı,
Jasır bir jaqqa.
Bilmesten jep qoyaman
Tursa shkafta.

## SA'LEM

Sa'lem, sa'lem, a'ssalam,
So'zimizdin' en' bası.
Sol bir so'zde ja'mlesken,
Tileklerdin' ag'iası.

Sa'lemlesiw, hu'rmetlew,
Wazıypam dep bileber.
Birge jatıp tursan' da,
Ata-anan'a sa'lem ber.

Este saqla, yadta tut,
Usı altın qa'deni.
Ba'rha' sa'lem berip o't,
Ko'rsen' jası u'lkendi.

## GU'Z

Bag'larımdı aralap,
Miywalardı pisirdi.
Daraqlardı julqılap
Japıraqlardı tu'sirdi.

Appaq-appaq paxtadan,
Biyik tawlar u'ydirdi,
Hinji-marjan jıynatıp,
Gu'rish qılıp tu'ydirdi.

## JAPIRAQ BUKETİ

Stol u'stinde
Turar stakan,
Ondag'ı buket,
Gu'lge uqsag'an.

Sap-sarı, qızg'ısh,
Jasıl, sarg'ıltım,
Japırag'ı jaynar,
Erik, almurttın'.

Qaysı, neniki,
Kelse bilgin'iz,
Aralap bag'dı,
Ko'rin' o'zin'iz.

## BABA DİYQAN

Ana jerdi janday su'ygen,
Ta'biyattın' sırın bilgen,
Topıraqtın' tilin bilgen,
Baba diyqan, baba diyqan.

Ku'ni-tu'ni miynet etken,
Hasıl qırman taw do'retken,
Eli- jurtın abat etken,
Baba diyqan, baba diyqan.

## KELİN', KO'RIN' GU'LLERDİ

U'yimizdin' qasına,
Na'lshe tiktik, gu'l ektik,
Ha'r bir tu'bin jumsartıp,
Ta'rbiyalap suw septik.

Tutıp ketti na'lshemiz,
Gu'ller tolıq ko'gerdi.
Quwanıstıq ba'rshemiz,
Kelip ko'rin' gullerdi.

# İYNE - SABAQ

İyne, sabaq,
Birge islep,
Tikti ko'ylek
Tikti sa'dep.

Usılayınsha
O'tti waqıt.
Biraq iyne,
Ja'njel tawıp.

Dedi: - o'zim
Ko'p bilemen.
Kiyimlerdi,
Men tigemen.

Sabaq sonda
Oyg'a taldı.
İslemesten
Jolda qaldı.

Jalg'ız iyne
Tige berdi.
Biraq sira'
İs pitpedi.

Sonnan berli
Sabaq penen,
İyne mudam
Birge ju'rgen.

# MAZMUNI

Tınıshlıq ha' tatıwlıq........3
Watan........3
Tilek........3
Ko'teredi kewlimdi........4
Quwandım........4
Siyqırshı bolıp qalsam........4
Balaları du'nyanın'........4
Ha'yyıw........5
Sport........5
Birinshi qon'ıraw........5
O'zbekstan........6
O'zbekstanım menin'........6
Tamshı tamar........6
Ba'ha'r kelse, na'wba'ha'r........6
Erte ba'ha'r........6
Ba'ha'r menen tırnalar........7
Sho'plikler........7
Nawrızın'ız mu'ba'rek........7
Kirpitiken........7
Qosıq aytar kishkeneler........8
Ta'rbiyaslı apam........8
Gu'lme, gu'belek (jan'ıltpash)........8
Ushıwshı bolaman........9
Ta'y-ta'y bala, ta'y bala........9
Quwırshag'ım........9
Anajanım, ag'ajanım........9
Jaqsı bala........10
İynelik........10
Jaza........10
Birinshi mug'allimim........10
Ana tilim........11

Jamg'ır jawıp turg'anda....11
Ta'biyattı qorg'aymız....11
Jiyde menen jigildik....11
Qabaqlar....11
Bag'ımızg'a kelin'ler....12
Ana mehri....12
«Saw denede-sap aqıl»....12
Kimge qıyın, kimge an'sat (A. Bartodan)....12
Tawıp aldım pıshıqtı....13
Su'yemen o'z tilimdi....13
Ala ha'kke (Jan'ıltpash)....13
Pıshıq penen ku'shik....13
Pal ha'rre ha'm gu'belek (tımsal)....14
Ta'rbiyashı bolamans....14
Menin' Konstitutsiyam....14
Gu'llerim....15
Erip ketti appaq qar....15
Sag'an uqsag'ım keler....15
Pıshıg'ım....15
Samal....16
Pal ha'rre....16
Balalıq mehrim....16
Aral....17
Kim u'lken, kim kishi....18
Bilmesten jep qoyaman....19
Sa'lem....19
Gu'z....19
Japıraq buketi....20
Baba diyqan....20
Kelin' ko'rin' gullerdi....20
İyne sabaq....21



Shiyrin Atamuratova — balalar shayırı.

Ol 1949-jılı Xojeli rayonında tuwılg'an.

1968-jılı Qaraqalpaq ma'mleketlik pedinstitutının' fizika-matematika fakultetine oqıwg'a kiredi ha'm tabıslı pitkeredi.

Miynet jolın mug'allim bolıp islewden baslaydı. Sh. Atamuratova ko'p jıllar dawamında No'kis qalasındag'ı burıng'ı K. Marks ha'm G'.Toqay atındag'ı orta mekteplerinde mug'allim bolıp isledi.

Ha'zirgi waqıtta hu'rmetli dem alısta ha'm do'retiwshilik isleri menen shug'ıllanıp atır.

Shayırdın' qosıqları 70-jıllardan baslap «Jetkinshek» gazetasında, «A'miwda'rya», «G'umsha» jurnallarında jarıq ko'rdi.

Sh. Atamuratovanın' ha'zirge shekem «A'tko'nshek» (1978), «Sawg'a» (1981), «Shadlıq» (1984) atlı balalarg'a arnalg'an qosıqlar toplamları basılıp shıqtı.

Sh. Atamuratova 1983-jıldan Jazıwshılar awqamının' ag'zası.

ISBN 978-9943-346-63-5

«QARAQALPAQSTAN»